Subject: Vin patisipe avèk NYCPS nan yon reyinyon kominotè avèk founisè sèvis otobis yo

Chè fanmi Lekòl Leta Vil Nouyòk,

Biwo transpò elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk envite w chalerezman pou patisipe nan reyinyon kominotè founisè otobis nou an k ap fèt madi 1ye desanm 2026 a 6 PM, nan **Queens Innovation Center, 53-16 Northern Boulevard, Woodside, NY 11377.**

Transpò pitit ou a chak jou se yon pati enpòtan nan eksperyans li avèk lekòl. Reyinyon kominotè sa a bay bon opòtinite pou pale dirèkteman avèk founisè, poze kesyon, pataje opinyon w epi fè tande nenpòt enkyetid ou genyen konsènan sèvis transpò elèv.

Reyinyon kominotè a ap gen de pati:

- Premye pati: Biwo transpò elèv pral bay dènye enfòmasyon epi abòde kesyon ak sijè komen fanmi te voye alavans.
- Dezyèm pati: Fanmi ki patisipe anpèsòn ap gen opòtinite pou pale dirèkteman avèk reprezantan founisè otobis yo konsènan enkyetid endividyèl oswa pwoblèm espesifik yon elèv.

Fanmi ka patisipe anpèsòn oswa sou entènèt. Yon lyen difizyon andirèk ap disponib sou pajwèb Reyinyon kominotè founisè otobis la (https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/transportation-overview/whats-new/bus-vendor-town-hall).

Pou ede nou planify reyinyon an, nou ankouraje fanmi pou enskri alavans. Pou enskri, voye yon kesyon oswa yon kòmantè, epi chèche plis enfòmasyon sou pwogram lan, tanpri ale sou pajwèb Reyinyon kominotè founisè otobis la (https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/transportation-overview/whats-new/bus-vendor-town-hall).

Nou rekonèt enpòtans transpò elèv ki fyab epi nou bay opinyon fanmi nou sèvi yo anpil valè. Nou ankouraje w pou patisipe avèk nou pou pataje opinyon w, poze kesyon, epi kominike dirèkteman avèk founisè transpò yo. Mèsi pou patenarya w nan sipòte mwayen transpò ki ansekirite epi ki fyab pou elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk.

Nou espere tande w.

Avèk senserite,

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools)